



Pou Piblikasyon Imedya: 19/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE DÈNYE DISTRIBYON VAKSEN KONT VARYÒL  
SENJ LAN APRE ALOKASYON 2B GOUVÈNMAN FEDERAL LA**

*Tout Nouyòkè yo ta dwe aprann sou varyòl senj lan pou pwoteje yo ak anpeche  
pwopagasyon an*

Ale sou [health.ny.gov/monkeypox](https://health.ny.gov/monkeypox)

**Voye tèks "MONKEYPOX" bay 81336 oswa "MONKEYPOXESP" pou alèt an  
Panyòl**

Gouvènè Kathy Hochul jodi a, ansanm ak Depatman Sante Eta New York, te anonse distribisyon vaksen JYNNEOS la nan New York, apre yon alokasyon adisyonèl 8,822 dòz bay Eta New York ki soti nan gouvènman federal la. Vil New York pral resevwa pwòp alokasyon li nan 23,963 dòz ki soti dirèkteman nan gouvènman federal la.

"New York kontinye fè fas ak yon kantite ka varyòl senj ki pa pwopòsyonèl", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen vle remèsye Prezidan Biden, Doktè Jha ak lòt responsab Administrasyon an pou patenarya yo pou garanti vaksen adisyonèl pou eta nou an. Pandan ke rezèv nasyonal la rete limite, n ap kontinye efò nou pou konfwonte epidemi sa a avèk ijans ki nesèsè pou asire ke New York resevwa pati ki jis li nan vaksen yo epi pwoteje kominote ki pi vilnerab nou yo".

Nan faz sa a nan distribisyon vaksen an ("2B"), NYSDOH te atribye 2,000 nan dòz li yo nan Vil New York, akòz gwo kantite ka ki konsantre nan zòn nan. Yo pral distribye rès alokasyon Eta a bay konte yo dapre kantite ka varyòl senj yo genyen nan lokalite yo, pwoksimite ak Vil New York, ak kapasite pou yo rive atenn Nouyòkè ki elijib pou pran vaksen yo. Yo rekòmande pou yo administre tout dòz ki nan alokasyon sa a kòm yon premye dòz seri vaksen de dòz la. Pandan ke rezèv vaksen an rete limite, plis vaksen ta dwe vini nan semèn ak mwa k ap vini yo pou asire Nouyòkè yo jwenn tou de dòz ki nesèsè pou yo konsidere yo kòm vaksinen konplètman.

**Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare,** "Nou kontinye travay avèk patnè federal nou yo pou defann pwovizyon vaksen New York bezwen pandan n ap asire founisè swen sante New York yo ak depatman sante lokal konte yo gen oryantasyon, resous ak enfrastrikti yo bezwen. Nouyòkè yo ta dwe rete enfòmè sou

varyòl senj lan, ki gen ladan sentòm - tankou gratèl komen - ki jan viris la gaye ak sa pou yo fè apre ekspozisyon. Si w gen yon gratèl, aprann sou tretman sou sitwèb nou an epi kontakte yon founisè swen sante".

NYSDOH angaje nan yon distribisyon ekitab vaksen, epi jan li te fè sa depi Faz 1, elijibilite rete konsantre sou moun yo konnen oswa ki gen chans te ekspoze nan zòn ki gen pi gwo kantite ka yo. Dapre oryantasyon CDC ki konseye Pwofilaksi Apre- Ekspozisyon (PEP) pou epidemi varyòl senj aktyèl la, moun ki deja ekspoze oswa ki gen chans pou yo te ekspoze yo gen priyorite nan alokasyon Eta a selon konte.

Elijibilite a gen ladan Nouyòkè sa yo:

- Moun ki fèk ekspoze a varyòl senj lan nan 14 jou ki pase yo.
- Moun ki gen gwo risk pou yo gen ekspozisyon resan a varyòl senj lan, ki gen ladan manm nan kominote omoseksyèl, biseksyèl, trans-seksyèl, ak ki pa konfòme ak sèks epi lòt kominote gason ki fè sèks ak gason epi ki te angaje nan kontak entim oswa po a po avèk lòt moun nan 14 jou pase nan zòn kote varyòl senj lan ap gaye.
- Moun ki te gen kontak po a po ak yon moun nan yon rezo sosyal ki nan sitiyoasyon aktivite varyòl senj lan, tankou gason ki fè sèks ak gason ki rankontre patnè yo atravè yon sitwèb sou entènèt, aplikasyon dijital ("aplikasyon") oswa evènman sosyal, tankou yon ba oswa fèt.

Nan 8,822 dòz yo gouvènman federal la te atribiye bay Eta New York, 1,000 pral distribiye nan Konte Nassau, 1,800 nan Konte Suffolk, 2,600 nan Konte Westchester, 600 nan Konte Erie, 600 nan Konte Monroe, ak 300 nan Konte Saratoga - menm si yo pral pran 100 nan 300 dòz Konte Saratoga yo apati dòz NYSDOH te rezève anvan (nan Faz "2A"). Konte Albany, ki fèk anonse premye ka li a, pral resewa 40 dòz epi yo pral bay Vil New York 2,000 dòz.

Anplis distribisyon vaksen an, NYSDOH te lanse yon kanpay edikasyon piblik konplè pou voye enfòmasyon sou varyòl senj lan dirèkteman bay Nouyòkè yo. Sa gen ladan piblisite dijital peye pou atenn gason ki fè sèks ak gason epi kreyasyon yon [sitwèb dedye](#) ki gen dènye enfòmasyon yo sou varyòl senj lan. Sitwèb la gen materyèl gratis, ki ka telechaje ki gen ladan yon kat palmè, kat enfòmasyon, feyè ak afich ki disponib nan lang Angle ak Panyòl. Semèn pase a, Gouvènè Hochul ak NYSDOH te lanse yon nouvo inisyativ mesaj tèks SMS pou bay Nouyòkè yo enfòmasyon sou varyòl senj lan, ki gen ladan kapasite pou patisipe nan mesaj ki baze sou lokalizasyon ki gendwa gen ladan disponiblite vaksen ak swen nan zòn Nouyòkè yo.

Nenpòt moun ka pran varyòl senj lan, ki sitou gaye nan kontak fizik sere ant moun. Dapre epidemi aktyèl la, sèten popilasyon ap afekte plis pase lòt, tankou gason ki fè sèks ak gason. Enfòmasyon ki soti nan epidemi anvan yo atravè monn lan endike ke granmoun ajè Nouyòkè, moun ki gen sistèm iminitè fèb, moun ki ansent, ak timoun ki poko gen 8 ane ka gen plis risk gen rezilta grav.

Tout Nouyòkè ka pwoteje tèt yo epi anpeche pwopagasyon varyòl senj lan nan kominote yo:

- Mande patnè seksyèl yo si yo gen yon gratèl oswa lòt sentòm ki koresponn ak varyòl senj.
- Evite kontak po a po ak yon moun ki gen yon gratèl oswa lòt sentòm ki gen rapò ak varyòl senj.
- Kontakte yon founisè swen sante apre ekspozisyon oswa sentòm, epi tcheke depatman sante lokal konte ou a sou elijibilite pou vaksen an.
- Nouyòkè ki resevwa vaksen JYNNEOS yo ta dwe resevwa tou de dòz yo, nan kat semèn entèval, epi rete vijilan jiskaske yo vaksinen konplètman, de semèn apre dezyèm dòz la.
- Si ou menm oswa founisè swen sante ou sispèk ou ka gen varyòl senj lan, izole tèt ou lakay ou. Si ou kapab, rete nan yon zòn separe ak lòt manm fanmi ak bèt domestik.
- Swiv sous enfòmasyon sante ki gen bon repitasyon, tankou NYSDOH, CDC, ak depatman sante lokal konte ou.

Nouyòkè yo ka enskri pou kanpay tèks la lè yo voye tèks "MONKEYPOX" bay 81336 oswa "MONKEYPOXESP" pou tèks an Panyòl. Nouyòkè yo pral kapab bay kòd postal yo pou enskri nan mesaj ki baze sou lokalizasyon an, si yo vle.

Pou plis enfòmasyon sou varyòl senj lan, sa gen ladan kantite yo selon konte, tretman ak swen, ale sou [health.ny.gov/monkeypox](https://health.ny.gov/monkeypox).

Nouyòkè yo ka aprann plis sou [premye alokasyon vaksen gouvènman federal la isit la](#) ak [dezyèm alokasyon an \("2A"\) isit la](#) nan Eta New York.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)